



FÒMILÈ POU POTE PLENT KONT VYOLASYON DWA MOUN NAN MINISIPALITE **MIAMI BEACH**

Si w kwè ou viktim yon aksyon ilegal nan zafè travay, lojman, oswa sèvis piblik, an vyolasyon Òdonans Minisipalite Miami Beach sou Dwa Moun lan (Òdonans 2010-3669), ou dwe pote plent anvan 180 jou pase, apre jou yo fè aksyon ilegal ou kwè ki diskriminasyon an. Pou koumanse demach pou depoze plent lan, ranpli Fòmilè pou Pote Plent kont Vyolasyon Dwa Moun nan Minisipalite Miami Beach, ki avèk papye sa a. Administratè Minisipalite a oswa ranplasan li pral mennen yon bon jan ankèt tousuit sou aksyon diskriminatwa ilegal ou rapòte a.

Ki Moun ki Ka Depoze yon Plent?

Diskriminasyon nan Travay – Lalwa defann fè diskriminasyon nan travay poutèt ras, koulè, relijyon, oswa paske yon moun se gason oubyen fi, peyi moun lan soti, oswa laj li, **disability** oswa poutèt moun lan selibatè, oubyen marye, oubyen plase, oryantasyon seksyèl li, oswa idantite l kòm gason oubyen fi.

Yon anplwaye oubyen yon moun k ap mande travay gen dwa depoze yon Plent dapre Òdonans Minisipalite Miami Beach sou Dwa Moun lan, si:

- aksyon diskriminatwa li rapòte a rive pandan san katreven (180) jou ki fenk pase yo;
- kote l ap travay oswa kote li mande travay la te gen senk (5) anplwaye oubyen plis pandan kat (4) semenn antye, oubyen plis, nan ane sa a; epi
- anplwaye a oubyen moun k ap mande travay la pa deja koumanse yon aksyon sivil oubyen administratif nan okenn tribinal ni ajans administratif, pou rapòte yon aksyon diskriminatwa ilegal pou menm ka li vle pote plent kounye a.

Diskriminasyon nan Lojman – Lalwa defann fè okenn nan aksyon ki nonmen pi ba la yo poutèt ras, koulè, relijyon, oswa paske yon moun se gason oubyen fi, peyi moun lan soti, oswa laj li, **disability** oswa poutèt moun lan selibatè oubyen marye, oubyen plase, oryantasyon seksyèl li, oswa idantite l kòm gason oubyen fi:

- Refize lwe oswa vann moun lan yon kote pou l rete
- Bay manti lè yo di kay la pa disponib pou enspekte, pou lwe, oswa pou vann
- Refize prete moun lan lajan pou achte kay
- Enpoze kondisyon ki pa menm ak lòt moun, oswa lòt aranjman pou prete lajan
- Menase, fòse, oswa entimide yon moun k ap revandike yon dwa pou jistis nan zafè kay; epi
- Refize fè chanjman rezonab nan kote moun lan rete a, pou fasilite yon moun andikape.

Yon moun k ap achte kay, oswa ki lwe kay, oswa k ap peye kay gen dwa depoze yon Plent dapre Òdonans Minisipalite Miami Beach sou Dwa Moun lan, si:

- aksyon diskriminatwa li rapòte a rive pandan san katreven (180) jou ki fenk pase yo;
- moun k ap achte kay, oswa ki lwe kay, oswa k ap peye kay la pa deja koumanse yon aksyon sivil oubyen administratif nan okenn tribinal ni ajans administratif, pou rapòte yon aksyon diskriminatwa ilegal pou menm ka li vle pote plent kounye a.

Sa nou rele lojman oubyen aranjman pou lojman, se nenpòt ki bilding, oswa depandans, oswa yon pati ladan yo, oubyen kote yon moun rete, oubyen kote moun ka rete avèk yon fanmi oswa plizyè

fanmi, epi nenpòt ki teren vid yo ofri pou vann oubyen afèmen, pou bati kay pou lwe, oswa pou moun rete, oswa depandans, oswa pati ladan yo, sa ki vle di tou karavàn, woulòt, oubyen lòt kalite lojman. Òdonans Minisipalite Miami Beach sou Dwa Moun lan pa aplikab pou chanm oswa inite lojman kote moun rete, oubyen kote moun pral rete, si pa gen plis pase kat (4) fanmi endepandan ki rete la, depi pwopriyete a genyen epi rete nan youn nan kote sa yo kòm rezidans pèsone l.

Enstalasyon Piblik – Lalwa defann refize yon moun sèvi ak yon enstalasyon piblik, oubyen bay moun lan move sèvis, oubyen fè moun lan sèvi ak enstalasyon move kalite poutèt ras li, koulè, relijyon, oswa paske yon moun se gason oubyen fi, peyi moun lan soti, oswa laj li, disability oswa poutèt moun lan selibatè oubyen marye, oubyen plase, oryantasyon seksyèl li, oswa idantite l kòm gason oubyen fi.

Ou gen dwa depoze yon plent si:

- Yo pa vle vann ou oswa pèmèt ou jwenn sèvis nan restoran, lotèl, motèl, estasyon gazolin, sal teyat, ak nan lòt kote oubyen enstalasyon piblik yo pa dwe fè diskriminasyon oubyen segrasyon;
- Si aksyon diskriminatwa ou rapòte a rive pandan san katreven (180) jou ki fenk pase yo; epi
- Ou pa deja koumanse yon aksyon sivil oubyen administratif nan okenn tribinal ni ajans administratif, pou rapòte yon aksyon diskriminatwa ilegal pou menm ka ou vle pote plent kounye a.

Direktiv

Si ou vle depoze yon plent, ranpli Fòmilè Plent nan Minisipalite Miami Beach ki avèk papye sa a, epi:

1. Reponn tout kesyon yo ak tout enfòmasyon ou ka bay. Si w pa konn repons pou yon kesyon, reponn "pa konnen". Si yon kesyon pa koresponn avèk ka w la, ekri "N/A". Si se alamen w ap ranpli fòmilè a, ekri an lèt detache.
2. Lè w fin ranpli fòmilè a, pote Fòmilè Plent lan bay yon notè. Ou ka jwenn sèvis notè nan adrès sa a gratis: City of Miami Beach Human Resources Department, 1700 Convention Center Drive, 3yèm Etaj, Miami Beach, Florida.
3. Tache avèk papye sa yo tout kopi dokiman ou kwè ki ka ede Administratè Minisipalite a oswa ranplasan li mennen ankèt sou ka w la (fich peman, lèt revokasyon, evalyasyon pèfòmans, avètisman disiplinè, rapò lapolis, elatriye).
4. Voye fòmilè plent ou ranpli a nan adrès sa a: City of Miami Beach, Office of the City Manager, 1700 Convention Center Drive, 4th Floor, Miami Beach, FL 33139 Ou ka ale depoze plent lan oumenm, oswa ou ka voye l nòmman nan lapòs, oubyen ou ka voye l nan kourye rekòmande.
5. Kenbe yon kopi plent ou an, ansanm ak kopi tout dokiman ou voye avèk li, nan achiv pèsone l ou.
6. Yo pral kominike plent ou an, oswa yon pati ladan l, bay moun, oswa òganizasyon, oswa biznis ou di ki fè diskriminasyon kont ou a (ki rele Defandè a).
7. Plent ou an ap yon dokiman piblik, kidonk nenpòt ki moun ka vin gade l dapre Lwa Florid sou Dokiman Piblik la, Chapit 119 nan Règleman Florid (Florida's Public Records Act, Chapter 119, Florida Statutes).

Si w gen nenpòt kesyon, ou mèt rele nan nimewo 305-673-7524 pou mande yo ede w.